8. Kono ketok ana omah cilik, nanging isih adoh, pamanggone prenatal ana pereng, rada ayem galihe sang putri, banjur dipurugi, lampahe kesusu.
9. Wise tekan banjur nothok kori, swarane: dhog dhog dhog, ananging mung ketok nyenyet bae, ora ana uwong sing metoni, ing kono sang putri, muni: "Kula nuwun".

10. Nanging iya meksa sepi mamring, nuli ora srantos, lawang mau banjur dingakake, jebulane ora dikancingi, sang putri ing galih, semu rada gumun.
11. Karo maneh omah mau cilik, yen wong mlebu kono, mesthi sundhul ana ing lawange, yen ing jero iya ora pati, ora suwe nuli, sang putri bleng mlebu.
12. Saya banget pangunguning galih, dene ta ing jero, wis miranti papanganan andher, tharik-tharik ditata ing piring, lan segane putih, diwadhahi sumbul.
13. Ing sakawit rada grigah-grigih, ing galih kuwatos, arep dhahar gek sapa sing duwe, nanging suwe-suwe iya wani, mung dhahar sathithik, diratani kemptu.
14. Wise tutug nuli nyat mriksani, ing sajroning senthong, kono katon ana paturone, lima padha resik tharik-tharik, sang putri anyobi, kabeh padha jujul.
15. Ana siji sing rada nyukupi, nuli munggah alon, saka sayah nuli mapan sare, ora suwe les sare kepati, ing sakala lali, lakon sing kepungkur.

## V. WONG SING DUWE OMAH TEKA

### PANGKUR

1. Kocapa genti carita, satemene sing duwe omah kuwi, wong lilima tunggal kumpul, padha wong cebol tuwa, saben ebyar wis padha lunga ngeluyur, mangkat menyang pagaweyan, melik emas jeron bumi.
2. Sadurunge padha budhal, wis mranteni kanggo mengko yen mulih, olah sega karo lawuh, sorene lagi teka, banjur padha bebarengan mangan kembul, bubar mangan nuli mapan neng paturon pating glinting.
3. Uripe wong lima pisan, salawase mung padha rukun becik, rakat wis kaya sadulur, ora tau sulaya, saben esuk isih peteng umun-umun, wis ting klethek padha dandan, ana sing ngen-tepke kendhil.
4. Lan ana sing umbah-ubah, ana maneh sing sreng-sreng anggorengi. Kocapa wong lima mau, ing satekaning ngomah, kaget banget dene kono padha weruh, yen lawanging omah menga, gek sapa ta sing ngleboni.
5. Sing siji seru nyebawa: "E wis genah kanca kalebon maling, ayo ta dang padha mlebu, lan kabeh tilikana, bokmenawa ana barangmu sing katut". Sijine ana sing jawab: "Lah rak tenan apa iki.
6. Segane kalong dipangan, ora genah lawuhe diratani, lah kojur iwak-ku brutu, katut dipangan uga, tiwas-tiwas dadak tak ngengehke mau, idhepa rak wis takpangan, e tiwas tak impi-imp".
7. Ana saweneh sing kandha: "E paturon iyo diolak-alik," Ing kono ana sing clathu, unine lon-alonan, karo ngeses lan tangane ngacung-acung: "Es wis ta padha menenga, gon-ku ana sing nuroni.

8. Bocah wadon tanpa kanca, wah ayune prasasat widadari, wis toгна bae ben tutug, aja diongkrah-ongkrah, ing saiki ayo padha mangan kembul, becik mengko bae gampang, yen wis tangi ditakoni”.
9. Wong lima nuli madhangan, padha dhokoh saka wis banget ngelih banjur padha mapan turu, bareng esuk kocapa, Menur Seta wungu sare wis dirubung, wong cebol cacah lima, kabehe ulate manis.
10. Clathune sing prenah tuwa: ”Wis wis ya ger tentremna aja sedhih, ing kene iki omahku, atiku lega lila, wis manggona ana kene aja rikuh, aku kabeh ngepek anak, jenengmu sapa cah manis?
11. Mung bae ing saben dina, ngopenana ing ngomah cik ben resik, karo olahna panganku, dadi yen aku teka, kari mangan bae mangkono ya gendhuk, wit yen esuk aku lunga, sore lagi bali mulih”.
12. Wangsulane Menur Seta: ”Iya ta pak sukur yen kowe sudi, si Menur Seta jenengku, aku iya keduga, anglakoni apa sapa-konmu mau, muga-muga kelakona, aku bisa angladeni”.
13. Ing saiki Menur Seta, uwis tentrem kanthi senenging ati, rumasa oleh pitulung, manggon ing pengungsenan, adoh saka anane baya pakewuh, nadyan sasat tanpa kanca, mung nyatane sugih kanthi.

## VI. KANGJENG RATU NYIDRA MENUR SETA SING KAPISAN

### KINANTHI

1. Mengko kocap kangjeng ratu, sing wis kalegan ing galih, nuju ing sawiji dina, dangu menyang kaca sekti: "Heh kaca kaca kemayan, sapa sing ayu dheweki?"
2. Kaca sekti nuli matur: "Ing sayektosipun gusti, jeng ratu ayu piyambak, nanging wonten kang ngungkuli, gih punika Menur Seta, kang wonten lelengkeh redi.
3. Eler ngriki prenahipun, anglangkungi wana gusti". Kangjeng ratu banget duka, banjur gedrug-gedrug jeli: "E e kowe Menur Seta, jebulane isih urip.
4. Yen ngono si mantri gemblung, sabenere mung ngapusi, iya kowe yen kecandhak, mesthi anemu bilahi". Kangjeng ratu nuli dandan, kaya carane wong cilik.
5. Tapih kepyur klambi gadhung, slendhang amba gendhong pethi, isine rupa dandanan, ana gelang kalung pending, jungkat cundhuk taretas mas, apa dene ali-ali.
6. Dene ta jungkate cundhuk, ing rujine dileleti, wisa mandi banjur mangkat, nasak alas anggoleki, bareng lakune wis tekan, ing omahe Menur Putih.
7. Nuli tawa celuk-celuk, "Mangga barang warni-warni, sumangga dara mundhuta, gelang kalung edi-peni". Dhek samana Menur Seta, nuli anguk-anguk kori.
8. Wong sing dodol banjur clathu: "Punika dandoson putri, punapa ta kalung gelang, sadayane sarwa edi, punika serat tretas mas, yen kagem nyundhuk mantesi".
9. Menur Seta krasa kanyut, mung atine rada wedi, kang mindha uwong dodolan, banjur mara anyedhaki: "Mangga ta dipun cobia, seratipun cundhuk inggih".

10. Menur Seta banjur manglung, wong sing dodol anyundhuki, ananging rujining jungkat, dicublesake ing kulit, sanalika banjur geblag, Menur Seta sasat mati.
11. Awit keleton ing racun, sing nunjem amaratani, kangjeng ratu banjur ngakak: "Hah hah hah hah si penyakit, dene mung rampung mengkana", kangjeng ratu banjur bali.
12. Tekan kedhaton anjujug, enggoning pangilon sekti, pandangune semu bingah: "E e kaca kaca sekti, sajagad sapa sing madha, karo ing ayuku iki?"
13. Kaca sekti alon matur: "Sajagad namung sang putri, yektos kang ayu piyambak", ing kono banget kedugi, gumujenge tanpa kendhat, mung seneng raosing galih.
14. Kocap kang keru anggluntung, katon banget melas asih, ora pisan nganggo sambat, tanpa obah tanpa mosik, ing kono wong cebol lima, bareng sore padha mulih.
15. Kabeh padha kaget jumbul, bareng weruh Menur Putih, gelangsaran aneng lemah, karo padha ngemek-meki, nanging ora nemu sabab, apa ta sing anjalari.
16. Wusana ana sing weruh, banjur alok: "O lah iki, mesthi sing dadi jalaran, cundhuk jungkat kacep kulit". Sawise dicopot kena, banjur dikramasi resik.
17. Ing sanalika sing kantu, banjur kruget-kruget eling, kabeh padha ngrasa bungah, karo alon anakoni: "Ndhuk gendhuk sing rene sapa, wis kandhaa aja wedi".
18. Dewi Menur Seta clathu, semu sajak ringik-ringik: "Mau ana para teka, tawa barang peni-peni, banjur anyundhuki jungkat, sabacute ora eling".
19. Kabeh padha manthuk-manthuk, ana siji sing nuturi: "Wis ya dhuk saiki poma, kowe aja wani-wani, katekana sapa-sapa, aja nganti ko-temoni.
20. Kowe weruha ya gendhuk, bokmanawa wong ngapusi, ya arepa apa-apa, etogena bae uwis, yen oraa ngono mundhak, pijer medhot-medhot pikir".

## VII. KANGJENG RATU NYIDRA MENUR SETA SING KAPINDHO

### MEGATRUH

1. Ora tulus kahanane kangjeng ratu, awit ing dina sawiji, kaca kemayan didangu: "Kaca kemayan saiki, sapa ta sing ayu yektos?"
2. Kaca matur: "Dhuh gusti sayektosipun, boten wonten kang nyameni, kajawi satunggal namung, kawon lawan Menur Putih, samangke saya mancorong".
3. Kangjeng ratu duka banget gedrug-gedrug, gathuking imba katawis, ing batin tansah angadhuh, dhag dheg dhadha di-dhodhogi, waja pijer kerot-kerot.
4. "E e tobil banget temen kowe Menur, athik dadi isih urip, iya rasakna walesku". Kono kangjeng ratu nuli, sat-set bae gone dandos.
5. Budhal semprung tindake kesusu-susu, karo gendhong raja-peni, bali menyang gone Menur, wise tekan nuli wiwit, tawa seru nanging alon.
6. "Mangga lo nun dandosane susupe kalung. E e kathik sepi mamring, apa iya temen suwung, tiwas bae gonku nginthik, gawa kalung inten ronyok".
7. Menur Seta krungu sabawaning tamu, banjur mara aniliki, bareng wong sing dodol weruh, calathu karo nyekikik, "Hihik jebul ana uwong.
8. Mangga ngriki nyelak kemawon wong ayu, punapa kalung gih inggih, tobat berleyane menthur, sorote nganti blerengi, yen diagem wah mencorong".
9. Menur Seta atine karasa katut, nanging semu rada wedi, wangsulane lirih alus: "Ana kae aku wedi, mengko yen dipelet uwong.

10. Awit bapak wewelingé menyang aku, ora entuk anemoni, yen ana wong rene biyung, mengko gek uwong ngapusi, wediku kepatos-patos”.
11. Wong kang nylamur nyeblek pupu karo clathu: ”E e dene ngono tobil, yen panginten-inten iku, tumrapipun jaman ngriki, temtu yen boten kalakon.
12. Sanadyana panjenengan boten mundhut, nanging rak gih kenging nyobi, Mangga ta nyobia kalung, kula trapne kang prayogi, aduh iba le mencorong”.
13. Menur Seta sanalika lali rembug, banjur gelem dienggoni, nanging bareng wis kumalung, disingsetke tali pati, mak seg sanalika kono.
14. Nuli tiba ana ing lemah gumluntung, mripate ketok mecicil, dene wong sing mindha bakul, lunga karo angidoni: ”Cuh enya kadhasmu kodhok”.
15. Satekane ing kedhaton celuk-celuk: ”Kaca kaca ing saiki, sajagad sapa sing ayu?” Kaca kemayan mangsuli: ”Mung gusti kang ayu yektos”.
16. Banget bingah panggalihe kangjeng ratu, tansah gumujeng anggigik, duka iya ora tau, mung ngraos tentrem ing galih, ora ana sing diraos.
17. Kocap Menur Seta sing isih gumluntung, ora ana sing nulungi, sawise ing wayah surup, wong-wong cebol padha mulih, bareng weruh padha bengok.
18. ”Lah apa ta mau wis krasa atiku, ngombe pijer cekak-cekik, dadi ngene sing ditemu, ayo padha digoleki, sing dadi sababe kono.
19. We la iki wis genah jalaran kalung, kenceng banget le naleni”. Sawise kalunge ucul, Menur Seta kempis-kempis, bisa melek weruh uwong.
20. Uwong lima genti genten padha clathu, jlimet anggone nakoni: ”Priye sababe dhek mau, dene pijer meh bilahi?” Menur Seta clathu alon.

21. "Sing merene iya wong dhek anu iku, rembugane angeduwis, aku dikon nganggo kalung, dipeksa kon nyoba dhisik, aku banjur ora weroh".
22. Tutuwane wong cebol nuli calathu: "Wis ta wiwit ing saiki, aja nganti wani metu, lawang dikancing bae wis, ngundurana ing pakewoh".

## VIII. KANGJENG RATU NYIDRA MENUR SETA SING KAPING TELU

### DURMA

1. Kacarita nuju sawijining dina, kangjeng ratu tumuli, andangu nyang kaca: "Heh kacaku kemayan, kapriye mungguh saiki, sapa sing bregas, wong ing sajagad iki?"
2. Kaca matur: "Wah gusti ing sapunika, saya sampun katawis, yen pun Menur Seta, ingkang ayu piyambak, pamoripun pecah gusti, sasat rembulan, cahyanipun nglangkungi.
3. Ing sajagad boten wonten ingkang madha, ayune gigirisi, lan sampun diwasa, milanipun ketingal, kang candra sawiji-wiji, cetha awijang, prasasat widadari".
4. "Wis wis kaca aja pijer ngalem tangga, mundhak muntapke ati". Kono sanalika, jeng ratu tansah gagas, golek akal sing nguwisi, sapisan pejah, aja mung bola-bali.
5. Banjur tindak menyang pawon olah-olah, panganan sing mengini, diwangun woh-wohan, nganggo dipulas abang, nanging sing sasisih putih, dene sing abang, diwori wisa mandi.
6. Wise rampung banjur tata-tata dandan, karo anggendhong senik, wis plek wong dodolan, tawa sadalan-dalan, ora pisan yen ngemperi, wong nylamur lampah, ing lakune lestari.
7. Satekane gone Dewi Menur Seta, jeleh-jeleh tatawi: "Mowas jajan jajan, gilo anget-angetan, ora enak dhuwit bali, ayo ta rikat, mengko yen entek nangis".
8. Menur Seta krungu wong tawa ing jaba, rada gumun ing ati, apa ya temenan, dene aneh-anehan, salawase lagi iki, ana wong tawa, jajanan galik-galik.
9. Banjur ungak-ungak mung saka jandhela, awit kabeh dikan-cing, bareng ungak-ungak, uwong sing dodol mara, karo kandha: "Mundhut inggih, punika pepak, panganan warni-warni".

10. Wong dodolan banjur anjukuk panganan, saka jeroning senik, sing kaya woh-wohan, dilungke karo kandha: "Punapa punika inggih, wah kelerasan, olehe mining-mining".
11. Menur Seta gedheg karo muni: "Ora". Uwong sing dodol muni: "E bok gih mundhut ta, mangga ta dipun coba, kula irisaken inggih, dipun nyatakna, idhep-idhep ngicipi".
12. Meksa ora gelem Dewi Menur Seta, sing dodol banjur ngiris, ananging sing pethak, lan dipangan dhewekan, karo kecap-kecap muni: "Enake jamak, legine angleg gurih".
13. Menur Seta atine banjur kerasa, banget gone kepengin, mung ewuhe ana, dadi grag-greg ing manah, nanging wis dilalah pesthi, wong sing dodolan, banjur ngacung ngulungi.
14. Lan manehe sing diulungke sing abang, Menur Seta nam-pani, lan banjur dipangan, durung nganti ngrasakna, sanalika geblak mati, kalebon wisa, tanpa sambat sathithik.
15. Kangjeng ratu sumbar-sumbar saka jaba; "Mati tenan saiki, kowe Menur Seta, ayo kowe sambata, padha yen padha saiki, garwaning raja, sing ayu ngluwihi".
16. Wise ngono banjur kondur yang nagara, anjujug lan nakoni, ing kaca kemayan: "Wis saiki kandhaa, sapa sing ayu ngung-kuli?" Mangsuli kaca: "Sampun tetep mung gusti".
17. Ing saiki galihe wis lega tenan, kocapa Menur Putih, kari gilang-gilang, layone amemelas, ora ana sing ngopeni, nuli wong lima, surup runcungan mulih.

## IX. LAYONE DEWI MENUR SETA DIGAWA MENYANG PAMELIKAN

### PUCUNG

1. Wis meh surup, srengengene wiwit angslup, langite beranang, kaya mripate wong nangis, anangisi ing layone Menur Seta.
2. Kolik tuhu, sing kulina saba dalu, wiwit kamirengan, suwarane: kolik kolik, tuhu tuhu banget gawe tarataban.
3. Ing dhek mau, wong lima lakune krungu, swara sing mangkana, karasa rada mangkirig, banjur duwe pangira sing ora-ora.
4. Bareng tutug, ing omah ketok ditutup, lan isih petengan, jeron omah sepi mamring, sanalika banjur duweni pangira.
5. Yen dhek mau, ana lalakon ketemu, banjur ora tahan, lawang padha dibejati, uwong lima padha mlebu babarengan.
6. Kabeh bingung, sapolahe padha kidhung, kono dumadakan, weruh ana wong gumlinting, lan wis cetha iku Dewi Menur Seta.
7. Padha bekuh, wong lima bareng wis weruh, aloke: "Apa ta, ing kiraku rak wis mesthi, mangsa ora panggawene si wong ala".
8. Kabeh banjur, gemet anggone nalusur, anggoleki sabab, apa ta sing gawe pati, nganti gemet ora oleh katerangan.
9. Wise tutug, anggoleki ora entuk, sing dadi jalaran, kabeh padha brebes mili, ketang welas karo uwis kasok tresna.
10. Uwong mau, ana sing muni kawetu: "Nanging bok manawa, bocah iki isih urip, nitik saka guwayane isih abang.
11. Mirid wujud, yen matia ora patut, titike katara, kaya isih angesemi, eman-eman yen ta nganti dipendhema".
12. Ana sambung, kancane semu keduwung: "Kuwi jeneng mokal, arane uwong wis mati, ngendi ana wong mati bali nyang donya.

13. Tiwas bawur, nyimpen wong arep dikubur, bok ayo tuman-  
dang, nuli dikubur bae wis, dadi ora dadak ngeceh-eceh  
mangsa”.
14. Wong sing ngumur, mangsuli karo nglilipur: ”Wis ta aja kaya,  
madu balung tanpa isi, ta rungokna aku takkandha sing  
cetha.
15. Kabeh iku, mungguh saka panemuku, ora ana salah, mula  
anggonku nengahi, mung supaya aja kabacut grejegan.
16. Becik rujuk, lan amrih bisane mathuk, gawea trebela, ana-  
ning diwangun pethi, sakubenge kabeh didokoki kaca.
17. Ora kisruh, dadi saben dina weruh, lan yen padha lunga,  
digawa bae ya becik, awit aku dhewe iya ora tega”.
18. Kabeh rujuk, banjur padha manthuk-manthuk, ing wusana  
yasa, trebela diwangun pethi, ditulis ing jenenge Menur Seta.
19. Sastranipun, emas bleg diwangun-wangun, tutup kaca gedhah,  
lan ing sawise dadi, Menur Seta banjur dilebokke kana.
20. Yen ing wujud, ora pisan ketok surut, isih manther abang,  
malah ayune ngluwihi, gebyar-gebyar kaya parada binabar.
21. Bareng esuk, wong lilima pating threnguk, padha arep mang-  
kat, nanging bot-boten ing ati, wise awan padha mangkat  
gliyak-gliyak.
22. Karo mikul, wong lima pating dhrekukul, lumaku lon-lonan,  
digawa nyang gone melik, wise tekan diseleh alon-alonan.
23. Banjur mungkul, gone nyambut gawe kumpul, nyandhing  
pethi kaca, kang ing jero isi mayit, ora tega ninggal tansah  
kambang-kambang.

## X. DEWI MENUR SETA DIGAWA ING RATU

### MASKUMAMBANG

1. Uwong lima saya karasa ing ati, weruh Menur Seta, gilang-gilang ana pethi, rupane saya katara.
2. Ing saiki sasmita tandhaning mati, titike wis ana, gagak angalup aneng wit, goak-gaok tanpa kendhat.
3. Sailange awan kesundhul ing bengi, lintang pating glebyar, kaya mandeng anungkuli, ing layon sing gilang-gilang.
4. Bareng esuk prentuling embun ngebesi, marentul ing kaca, kaya barleyan ngurugi, menyang Dewi Menur Seta.
5. Kesorot ing srengenge ebune nisir, byar padhang warata, wong lilima padha nangis, kelingan sing ora ana.
6. Wong lilima nganti padha ora eling, gone golek nipkah, pijer padha mrebes mili, nyawang layon sing neng kaca.
7. Ing cekake wong lilima padha lali, menyang pagaweyan, mung ketungkul nyawang mayit, saka banget kasok tresna.
8. Bareng awan kumrasak swaraning angin, nempuh gegodhong-an, menyang awak krasa isis, pating threngkluk wong lilima.
9. Lah ing kono katon ana wong marani, sajake bendara, karo anakoni lirik, tembung ketok sumanak.
10. "Heh ki sanak kabeh wong lilima iki, aku kandhanana, apa ta sing kok-arepi, lan maneh iku wong apa?"
11. Dene katon turu ana jero pethi, ketoke kapenak, gone turu tanpa nglisik, ayune kejamak-jamak".
12. Ana siji sing mangsuli karo nangis: "Yektosipun dara, inggih anak kula estri, ngajal kang tanpa jalaran.
13. Milanipun mawi kula dekek pethi, saking ngraos eman, yen dipun pendhem ing siti, awit taksih gilar-gilar".

14. Kang pitakon semune kaget ing ati, tembunge prasaja: "Sa-temene aku iki, ratu gedhe sing kuwasa.
15. Lan kang duwe laladaning lemah iki, wis wis ta ki sanak, mayite anakmu kuwi, takpundhut bae prayoga.
16. Mung tinimbang ana kene dadi ati." Ature wong lima: "Amung duka dalem gusti, kula mopo nyaosena".
17. Sanalika sang prabu angarih-araih: "Aja kliru tanpa, sedyaku mung arep becik, tinimbang dadi sawangan.
18. Lan manawa bocah iku isih urip, dadi ora aran, niksa wong urip kon mati, mulane kudu dipriksa".
19. Wise ngono wong lima padha mimikir, bareng wis mupakat, nuli padha matur lirih: "Inggih kula mung sumangga".
20. Bingah banget sang nata banjur nampeni, lan dhawuh anggawa, nyang abdi kang ngati-ati, aja pisah aneng dalan.

## XI. DEWI MENUR SETA SUGENG MANEH

### MEGATRUH

1. Nuli budhal sang prabu karsane kondur, diiring wong nyunggi pethi, wong lima padha angguguk, babarengan anangisi, panyawange tanpa pedhot.
2. Ing sadalan-dalan lakune mung ewuh, abdi sing anyunggi pethi, pijer mendhak mundhuk-mundhuk, saka samar kesundhul wit, mula nganti krenggos-krenggos.
3. Lah ing kono lakune abdi kesandhung, ing oyod kang malang margi, panyungGINE pethi mrucut, awake tiba kebanting, pethine mancelat adoh.
4. Remuk sumyur kacane amawut-mawut, lan layone Menur Putih, nganti mancelat gumlundhung, sang prabu kaget anolih, banget dukane ing kono.
5. "E dilalah kebangetan kowe drohun, ana wis kon ngati-ati, jebul dadak numbuk-numbuk, kapriye ta mau iki, e kowe sida wurung wong."
6. Abdi matur: "Gusti ing sayektosipun, boten pisan-pisan dugi, manawi kula kasandhung, ing oyod kang malang margi, kula sumangga kemawon".
7. Sangprabu panggalihe banget bingung, nuli marani sang putri, sing ana lemah gumlundhung, abdi tansah akikinthal, ambekane krenggos-krenggos.
8. Abdi matur: "Kados pundi karsanipun, kang murih dados prayogi, makaten kemawon sampun, ing sapunika sang putri, saenipun kula gendhong".
9. Sangprabu dhawuh karo napuk kepluk: "Wis menenga bae genjik, aja pijer gawe kisruh, mengko mundhak taktempiling. bok wis aja ngona-ngono".

10. Banget ngungun sangprabu banjur manglung, anuweni Menur Putih, guwayane isih wutuh, malah ketok kempis-kempis, lan tingale melek alon.
11. Lawan nuli wiwit muwun senggruk-senggruk, karo angandika liroh: "Iki neng ngendi awak-ku, sapa ta wong-uwong kuwi, lagi iki aku tumon".
12. Banget kaget mau galihe sang prabu, nuli ngandika nyang abdi: "Priye mungguh rumasamu, apa iya temen urip, lah nyatakna cedhak kono".
13. Abdi matur: "Nun inggih kangjeng sinuhun, sasumerep kula gusti, ing salami-laminipun, wartosipun kaki nini, kang sampun kalimrah yektos.
14. Saben tiyang ambekanipun lumaku, tamtunipun gesang ugi, makaten ing limrahipun, mung kula sumangga gusti, kang ngaten punapa yektos".
15. Gedheg-gedheg sang prabu ngandika seru: "E e dene pating blandhit, gunemanmu nganti galur, bok cekaken bae uwis, ora sajak ambobodho".
16. Lah ing kono Menur Seta clathu seru: "Bapak kowe ana ngendi?" Gone clathu ngono iku, ketok karo gregah tangi, banjur lenggah dhelog-dhelog.
17. Sangprabu nuli ngandika ngrarapu: "Heh wruhanmu ingsun iki, iya sing jumeneng ratu, laladan nagara iki, aja samar kowe dhenok.
18. Awit kowe dhek mau uwis takjaluk, karo wong sing kok-iloni, mung aku kepengin weruh, priye sing dadi sakawit, dene tinemu mangkono".
19. Menur Seta banjur miwiti umatur; lalakone sing wis-uwis, nalikane dadi kantu, nganti ping telune iki, elinge wis aneng kono.
20. Panggalihe sangprabu banget ngungun, priye nalare sing mulih, abdine tumuli matur: "Mangke kula ngretos gusti, sababipun kang sayektos.
21. Ing panginten kala rumiyin sang ayu, sumedya dipun pejahi, ing wusana ingkang kanton, sarana dipun lebeti, dhadhaharan muta watos.

22. Gih punika dhaharan kang mawi racun, nanging mung kandheg mandelik, mangkel wonten nglebet gulu, sampun tamtu bebayani, pun lare meh dados layon.
23. Tujunipun gusti lajeng karsa mundhut, tuwin malih anyarengi, kala pethi kula panggul, kula karungkeb ing siti, jalaran kesrimpet oyod.
24. Sareng pethi dhawah wonten siti remuk, lare saged gesang malih, mila sapunikanipun, kawula prasasat manggih, redi gendhis kang miraos”.

## XII. DEWI MENUR SETA DIBEKTA KONDUR ING SANG RATU

### DHANDHANGGULA

1. "Ing saiki ingsun uwis ngreti, jalaran sing andadek-ke tiwas, kiraku mesti mengkene, bener kaya kandhamu, lawan manèh dadine urip, iya saka jalaran, anggone keglundhung, nalika barengi tiba, papanganan kang kandheg aniniwasi, metu saka gorokan".
2. Abdi banjur ketok milang-miling, sarta nuli matur: "We lah nyata, gusti makaten yektose, punika wujudipun, kang tetedhan dhawah ing siti, warni semburat abang, tamtunipun racun, manawi makaten nyata, dhawah kula dados warni mitulungi, sugenging Menur Seta".
3. Sangprabu bingah ing panggali, nuli dhawuh menyang Menur Seta: "Wis ta gendhuk saikine, aja uwas atimu, sira arep ingsun boyongi, kondur menyang nagara". Kacarita mau, ora antara ketungka, ing tekane abdi kang padha goleki, ing tindake sang nata.
4. Awit mau sakabehing abdi, nalikane ana tengah ngalas, kepisah karo gustine, sauwise ketemu, sangprabu adhawuh nuli: "Heh saikine padha, sadhiyaa kondur, lawan padha mirantia, tandhu kanggo amboyong wong wadon iki, digawa nyang nagara".
5. Para abdi sajeroning ati, banget gumun dene ana ngalas, nemu putri tur mung dhewe, dhasar warnane ayu, padha ngira apa putri jim, awit yen ta manungsa, mokal banget iku, ing wusana nuli budhal, Menur Seta aneng tandhu mingklik-mingklik, diiring ing sang nata.
6. Yen disawang katon banget asri, kaya ratu kang unggul ing perang, lan anggawa boyongane, lakune gumarudug, tanpa leren tambur lan suling, muni sadalan-dalan, nganti gawe bingung, mula tekane nagara, akeh banget wong nonton tansah dalidir, alok panganten liwat.

7. Bareng padha sumurup yen gusti, banget sukur karo surak-surak, suwarane nganti rame, lawan padha anggrubyug, lanang wadon pating jalerit, nanging jeriting bungah, kocapa sang prabu, mau tindake meh tekan, ing kadhaton dipethuk ing para abdi, nganti tanpa wilangan.
8. Menur Seta banjur ditampani, abdi wadon sang nata ngandika: "Bocah wadon putri kiye, pernahna ing kadhatun, lan reksanen ingkang abecik, iku gustimu padha, aja ewah-ewuh, lan sanadyan nembe teka, aja pisan ana uwong kumawani, kalawan Menur Seta".
9. Ing saiki Menur Seta mukti, lan ayune dadi saya mundhak, kaya rembulan sing gedhe, samengko sangprabu, ing karsane kapareng krami, amundhut Menur Seta, nuli adhadhawuh, marang kang abdi warata, yen saiki kapareng Menur Putih, arep dipundhut garwa.
10. Sangprabu dhawuh angundhangi, menyang abdi sajroning nagara, dalah ing salaladane, makajangan akumpul, lawan maneh uga ngulemi, nyang para ratu liya, kaparenga rawuh, anjenengi gone krama, dhek samana nuli horeg para abdi, metu andum gaweyan.

### XIII. SANG PRABU DHAUP KARO DEWI MENUR SETA

#### MIJIL

1. Ing saiki critane nyelani, ulihing lalakon, kocap ratu iya kang ramane, Menur Seta anane saiki, banget melas asih, panggalihe trenyuh.
2. Awit emut menyang putra putri, sirna tanpa wartos, kaya priye mungguh kanyatane, nanging batos uga wis mangreti, yen ilange kuwi, saka kangjeng ratu.
3. Mung sang prabu banget gone ering, menyang garwa anom, awit saka banget pangemonge, lawan pancen iya rada ajrih, mula jroning galih, mung araos bingung.
4. Ambarengi ing dina sawiji, nata oleh wartos, ulem saka nata tatanggane, surasane ulem arep krami, lan putri linuwih, wus aneng kedhatun.
5. Sangprabu kumenyut ing galih, angandika alon: "O upama putriningsun biyen, yen isiha ya wis mangsa laki, jebule saiki, ilang tanpa dunung".
6. Saka banget kraos ing panggalih, tingale narocos, ing wusana mupus ing papasthen, manungsa mung kari anglakoni, ananging saiki, amireng sang prabu.
7. Yen bakale panganten sing putri, wus kaprah saben wong, Menur Seta mau paparabe, ing mulane sang prabu saiki, raose ing galih, bingah semu ngungun.
8. Apa temen yen putrane putri, apa madha uwong, ing jenenge mamadhani bae, sangprabu nuli andhawuhi, maring prameswari, jagong manten dhaup.
9. Kangjeng ratu banjur dandos gelis, lan dangu pangilon: "Heh ta kaca kaca kang sumendhe, wong sajagad sapa sing ngluwihi, ayune saiki, mamadhani ing sun?"

10. Kaca matur: "Yektosipun gusti, nadyan dipun ketog, estri ing sajagad ing ayune, boten wonten ingkang anyameni, lan panganten putri, ingkang badhe dhaup.
11. Awit nyatanipun inggih gusti, kang panganten wadon, putri Menur Seta sajatine". Sanalika kangjeng prameswari meh-, meh ora eling, lan ngliyer meh ambruk.
12. Kerot-kerot wajane agathik, dhadha kaya jeblos, nanging banjur ketungka rawuhe, sangaprabu ngajak budhal nuli, ing kono sang putri, mung katon anjabrut.
13. Mengko kocap wis meh wayah bengi, srengengene ngayom, disambungi padhanging diyane, gon panganten sing arep kapanggih, saya angluwihi, diyan kabeh murub.
14. Rame banget dhayoh andalidir, nganti tanpa pedhot, sabu-bare temuning panganten, para tamu nglumpuk dadi siji, lah ing kono nuli, kocap prabu sepuh.
15. Ora pangling lan panganten putri, yen putrane yektos, nuli nyaket dirangkul janggane, lan ngandika kemomoran tangis: "O putraku iki, temen sira Menur".
16. Sanalika kabeh tanpa mosik, mung padha andomblong, prabu sepuh banjur ngandharake, ing lalakon ilange sang putri, nuli disambungi, Menur Seta tutur.
17. Lalakone kabeh nganti tliti, banjur prabu anom, nyariyoske kabeh kahanane, ing wekasan tinemu saiki, kumpul dadi siji, lalakone gathuk.
18. Amung siji kangjeng prameswari tumungkul acelum, lan sang prabu ical ing sabare, arep males ukum menyang sori, nanging Menur Putih, menggak ora mathuk.
19. Awit kabeh wis ketemu becik, ora prelu ngono, malah aja diraos-raoske, ing wusana wis tentrem saiki, manten atut becik, prabu sepuh rukun.
20. Ing saiki crita Menur Putih, wis tamat kelakon, muga dadi senenging atine, para bocah sing padha meruhi, ben sregep nunulis, crita-crita bagus.

T A M A T



PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

Perpus  
Jend